

Preparasyon pou 988 nan Delaware

Lete 2022



Sa Ou Bezwen Konnen

Nan dat 16 jiyè 2022 a, Nimewo Ijans Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid la (1-800-273-8255) ap chanje pou l vin yon nimewo 3 chif (988) ki fasil pou sonje. Opsyon pou voye tèks ak tchat sou entènèt ap vin plis disponib tou. Sa se yon chanjman telekomunikasyon gouvènman federal te ekzije; epi Delaware, tankou lòt eta, t ap prepare pou li. Avèk yon Kowalisyon Planifikasyon 988 Miltidisiplinè, Divizyon Konsomasyon Dwòg ak Sante MANTal Delaware te elabore yon plan pou yo asire yo genyen yon kouvèti 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan tout eta a ak yon kapasite ki amelyore pou jere ogmantasyon nan kantite apèl yo te atann.

APWOPO 988

- Nimewo Ijans Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid la (1-800-273-8255) ap chanje pou l vin yon nimewo 3 chif (988) k ap fasil pou sonje, nan dat 16 jiyè 2022.
- 988 ap aksepte apèl, tèks ak tchat nenpòt moun voye nan kad nesosite sipò pou yon kriz swisid, sante mantal ak/oswa konsomasyon dwòg. Moun yo kapab kontakte 988 tou si yo gen sousi pou yo moun yo renmen ki an kriz.
- Pandan premye ane 988 la, moun ki gen yon areya kòd Delaware ki rele 988 ap konekte avèk ContactLifeline, ki se sèl sant Nimewo Ijans Delaware.
- Depi nan fen ane 2022 a, Delaware ap ajoute yon dezyèm Sant Nimewo Ijans Divizyon Konsomasyon Dwòg ak Sante Mantal Sèvis Sosyal ak Sèvis Sante Delaware (DHSS) la pral dirije.

APWOPO CONTACTLIFELINE

- ContactLifeline, Inc. ap fonksyone nan Delaware depi 1974 e l ap bay sèvis antanke sèl Sant Nimewo Ijans Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid eta a.
- ContactLifeline bay konsèy nan telefòn, entèvansyon kriz, enfòmasyon referans, fòmasyon, ak sèvis prevansyon pou moun ki nan kriz yo, 24 èdtan pa jou, 365 jou pa ane.
- ContactLifeline te jwenn lajan ki soti nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Delaware an pati atravè lajan federal, ansanm ak Konsèy Jistis Kriminèl Delaware.



Kisa ou kapab fè pou prepare




POU MOUN YO

- Rele 988 oswa kontinye rele 1-800-273-8255 pou w jwenn Nimewo Ijans Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid la lè oumenm oswa yon moun ou renmen sibi kriz swisid.
- Kontinye sèvi avèk liy asistans pou kriz ki la deja antanke resous anplis, espesyalman si gen nesosite pou yon repons an pèsonn.
 - Liy Asistans pou Granmoun ki an Kriz:
 - 1-800-652-2929 (Nò Delaware)
 - 1-800-345-6785 (Sid Delaware)
 - Liy Asistans pou Jenn ki an Kriz: 1-800-969-ÈD (4357)
- Si oumenm oswa yon moun ou konnen twouve nou devan yon danje, rele 911.



POU PWOFEYONÈL SÈVIS SANTE KONPÒTEMAN MANTAL YO

- Kòmanse pale avèk pèsonnèl nan ajans ou an sou sous referans ki la deja yo ak sou kòman yo kapab elaji yo pou yo pi byen sèvi moun ki fè fas ak kriz yo.
- Kontinye bay kliyan ak lòt moun: Liy Asistans pou
 - Granmoun ki an Kriz:
 - 1-800-652-2929 (Nò Delaware)
 - 1-800-345-6785 (Sid Delaware)
 - Liy Asistans pou Jenn ki an Kriz: 1-800-969-ÈD (4357)
 - Nimewo Ijans Nasyonal pou Prevansyon kont Swisid (1-800-273-8255)



POU AJANS LETA YO, AJANS KONTE YO AK AJANS MINISIPALITE YO

- Veye aktyalite yo pandan tranzisyon pou 988 la ap kontinye an 2023, ak elajisman sèvis yo ak pèsonnèl yo.
- Angaje patnè lokal yo, tankou pwofesyonèl sante konpòtemantal yo, ajans ki la pou fè aplike lalwa yo, pwofesyonèl sante ak edikasyon yo, pou nou diskite sou ki fason kominote nou an pral itilize 988.



POU FÒS LÒD YO, ANBILANSYE YO AK SANT 911 YO

- Asosyasyon Nasyonal Nimewo Ijans yo 911-988 Gwoup Travay sou Nòm Operasyon ant Sèvis yo ap pibliye rekòmandasyon pou entèraksyon 911 ak 988 yo sezon lete sa a.
- Delaware gen yon Gwoup Travay pou Kowòdinasyon 911-988 atravè tout eta a ap kontinye fè rankont pandan tranzisyon ak miz-an-èy 988 la.

